

**KONFLIK BATOS SALEBETING PAGELARAN WAYANG LAMPAHAN SEJATINE
DRUPADI KI MANTEB SOEDARSONO**

(KANTHI PENDEKATAN PSIKOLOGI SASTRA)

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jangkeping Pendadaran
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



dening
Suryobintoro
NIM 14205241056

Yogyakarta, Juli 2018
Pembimbing,

Dr. Afendy Widayat, M. Phil.
NIP 19620416 199203 1 002

Yogyakarta, Juli 2018
Ketua Jurusan
Pendidikan Bahasa Daerah,

Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.
NIP 19640403 199001 1 001

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

**KONFLIK BATOS SALEBETING PAGELARAN WAYANG LAMPAHAN SEJATINE DRUPADI
KI MANTEB SOEDARSONO
(KANTHI PENDEKATAN PSIKOLOGI SASTRA)**

***Inner Conflict in Leather Puppet Performance Sejatine Drupadi by Ki Manteb Soedarsono
(With Psychology Literature Approach)***

Dening: Suryobintoro, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. suryobintoro@gmail.com

Sarining Panaliten

Ancasipun panaliten menika wonten kalih, inggih menika kangge ngandharaken wujud konflik batos saha cara mungkasi konflik salebeting Pagelaran Wayang Lampahan Sejatine Drupadi Ki Manteb Soedarsono kanthi pendekatan psikologi sastra.

Panaliten menika kalebet panaliten deskriptif kualitatif. Objek wonten panaliten menika inggih Video Audio Visual Pagelaran Wayang Lampahan Sejatine Drupadi kanthi durasi kirang langkung 7 jam. Cara nemtokaken data kanthi cara teknik membaca berulang-ulang kagayutaken kaliyan video audio visual. Cara ngempalaken data ngginakaken kartu data saha tabel. Keabsahan data dipunmangretosi saking validitas semantis saha reliabilitas intrarater. Teknik analisis data wonten panaliten menika ngginakaken teknik analisis deskriptif kualitatif.

Asiling panaliten menika nedahaken menawi wujud konflik: (1) Raos boten nampi wonten batos ingkang boten trep kaliyan pikajengan paraga; (2) Raos mangu anggenipun ngadhepi perkawis, kanthi adhedhasar saking teori Sigmund Freud inggih (a)id; (b)ego; saha (c) super ego. Salajengipun cara mungkasi konflik adhedhasar teori Mekanisme Pertahanan Konflik Sigmund Freud inggih (a) Represi, (b) Sublimasi, (c) Proyeksi, (d) Pengalihan, (e) Rasionalitas, (f) Reaksi Formasi, (g) Regresi, (h) Agresi apatis saha (i) Fantasi saha stereotype saged kaperang dados: (1) paring pepenget utawi pangandikan antawisipun paraga, (2) duka lajeng tumindak boten samesthinipun, (3) raos pasrah, (4) kanthi cara paprangan, (5) nilar dhateng prekawis, (6) ngendika dora.

Pamijining tembung: konflik batos, Pagelaran Wayang Sejatine Drupadi, Psikologi Sastra

Abstract

The purpose of this research is to find and show the inner conflict form of the inner conflict in leather puppet performance "Sejatine Drupadi". It also show how to complete the inner conflict in leather puppet performance "Sejatine Drupadi" by Ki Manteb Soedarsono with psychology literature approach.

This research is include descriptive qualitative research. The object of this research is an audio visual object. In this research, the researcher uses a video leather puppet performance "Sejatine Drupadi". The duration of the video is more than less than 7 hours. The data technique is by using read more techniques. The researcher is also using descriptive qualitative technique.

The result of this research are showing: (1) feeling not accept with the willingness in inner figure (2) fell doubt when completing the conflict. Based on the Sigmund Freud theory are (a) id (b)ego and (c) super ego. Then, to complete the conflict, still use the Sigmund Freud theory is defense mechanism of conflict are (a) repression (b) sublimation (c) projection (d) displacement (e) rationality (f) form reaction (g) regression (h) aggression apatis (h) fantasy and stereotype. The researcher is still divide based on Freud theory is (1) give warn and word between figure (2) angry and act not necessity (3) felt resigned (4) war (5) leaved the problem and (6) say a lie.

Keywords: Inner Conflict, Leather Puppet Show Performance Sejatine drupadi, Psychology Literature.

PURWAKA

Lakon pedhalangan wayang purwa minangka salah satunggaling asiling *seni*, ingkang pranyata ngrembag maneka *warna simbol* saha pralambang ingkang kedah dipun-*intrepetasi*, dhalang minangka pamaos ingkang saged mujudaken ingkang sanes dhumateng *penonton* ingkang sami mirsani utawi mirengaken (Solichin, 2009: 17-18). Sanesipun menika lakon pedhalangan kanthi *struktural* inggih menika piwujudan *konflik* antawisipun paraga-paraganipun ingkang dipun perang antawispun becik saha sae, wantun saha ajrih, maju saha mundur sarta maneka warna *corak* utawi *motif* sanesipun, *aspek* ingkang dipunpendhet minangka gegaraning lakon kadosta *perselisihan*, *perjuangan*, ungguling perang, *kejayaan* lan taksih kathah gumantung wigatosing lampahan pedhalangan (Teeuw, 1976: 22).

Kejawi *konflik* ingkang sipatipun *fisik* ugi wonten *konflik* ingkang sipatipun *psikologis* kadosta nalikanipun Raden Gandamana pamanipun Dewi Drupadi ngawontenaken sayembara kagem madosi jodhonipun Dewi Drupadi, wonten brahmana kalih ingkang mupu sayembara nanging dipuntampik dening Prabu Drupada amargi sayembara menika namung kagem para satriya utawi narendra, pramila menika dadosaken brahmana kekalih wau kuciwa wonten penggalih lan boten sanes ingkang dados brahmana kalih kalawau inggih Raden Puntadewa kaliyan Raden Bratasena, lan taksih kathah ugi *konflik – konflik* ingkang *psikis*

utawi batos ingkang dipunpanggihaken dening paraga wonten paraga wayang pagelaran *Sejatine Drupadi* menika.

Salah satunggaling ngrembakanipun lampahan pedhalangan salebeting Pagelaran Wayang inggih menika lakon banjaran menawi dipun tingali saking *alur* cariyosipun, lakon menika nyariosaken salah satunggaling paragatama ingkang badhe dipungelaraken kanthi *teknik* lampahan banjaran, lakon banjaran miturut Poespaningrat wonten bukunipun kanthi irah-irahan *Nonton Wayang Dari Berbagai Pakeliran* ingkang kawedalaken dening PT. BP. Kedaulatan Rakyat mratelakaken bilih Lakon Banjaran inggih menika boten winates pola lakon-lakon ingkang pakem, ananging saged sakwetahipun awujud *biografi* salah satunggaling paraga wayang. Tuladhanipun inggih menika Banjaran Kumbakarna, lampahan menika dipungelar nalikan taun 1978 dening Ki Nartasabda lajeng dipunsanggit malih dening Ki Timbul Hadiprayitna.

Sanggit lakon Banjaran saged dipunwiwiti saking lairipun, diwasanipun, anggenipun palakrama, unggulipun anggenipun jurit utawi anggenipun jumeneng narendra dumugi sedanipun. Cariyos ingkang dadosaken paragatama menika gadhah *konflik* batos saha lair salebeting lakon banjaran menika, tamtu lampahan banjaran menika ugi langkung nyariosaken paragatama anggenipun manggihi *konflik*, kados pundi anggenipun *sikap*-ipun nalika tantang tinantang, kadospundi anggenipun mungkasi.

Lampahan *Sejatine Drupadi* ingkang dipun salirani dening Ki Manteb Soedarsono kalebet lakon wayang banjaran inggih menika lakon pedhalangan ingkang sipatipun nyariosaken tokoh tartamtu saking lair dumugi seda, kanthi nyuplik utawi mendhet lampahan ingkang wigati. *Video* pagelaran ringgit menika dipun unggah wonten situs *berbagi* www.youtube.com dening akun “cah gununggandul” 26 februari 2013 lan sampun dipun tonton 170.361x *view*. Wonten ing video menika langkung kathah ngrembag babagan cariyos saking *Drupadi* ketingal boten wontenipun adegan ingkang sipatipun suka parisuka kadosta adegan limbukan saha gara gara. Pramila, lampahan menika estu nyariosaken fragmen-fragmen ingkang gayut kaliyan sinten ta sejatosipun Dewi *Drupadi*, wonten lampahan menika minangka wiwitanipun inggih menika nalika Raden Gandamana ngawontenaken sayembara, lajeng Pandhawa Dhadhu, katerasaken wonten lampahan *Wiratha Parwa*, saha pugkasanipun *Baratayuda Dursasana Gugur dumugi Dewi Drupadi* ngluwaripun aginipun. *Drupadi* wonten pagelaran menika minangka paragatama dipun cariyosaken saking sayembara dumugi *Baratayudha*, kejawi menika *Drupadi* wonten *Mahabarata* kalebet paraga ingkang wigati.

Saking dhasar panaliten kasebut saged dipunpendhet dudutan watesaning prakawis, inggih menika.

1. Ngandharaken wujud *konflik* batos salebeting pagelaran wayang *Sejatine Drupadi* Ki Manteb Soedarsono.
2. Ngandharaken cara ngrampungaken *konflik* batos salebeting wonten pagelaran wayang *Sejatine Drupadi* Ki Manteb Soedarsono.

Wonten panaliten menika ngginakaken teori pendekatan psikologi sastra. Ringgit purwa utawi wayang teges *harfiah*-ipun inggih menika wewayangan (*bayangan*), ananging bilih dipuntingali saking wujudipun inggih menika *boneka* ingkang wonten gagangipun, ingkang dipundamel saking lulang ingkang dipuntatah, dipunpipih saha dipunparingi werni utawi dipunsungging kados paraga ingkang dipungambaraken (Soetrisno, 2004: 8).

Konflik inggih menika salah setunggaling sipat ingkang *dramatik*, antawisipun kalih kekiyatan ingkang sami utawi imbang saha wontenipun *aksi* lan pamalesipun (Wellek Warren, 1989: 285). Kanthi mekaten, *konflik* ingkang wonten *riil* utawi kasunyatanipun boten wonten cariyos wayang menika wonten salebeting *konotasi* ingkang *negatif*, kedadosan ingkang boten sae, pramila menika tiyang langkung ngendhani *konflik* lan ngersakaken gesang ingkang ayam.

Pendekatan Psikologi sastra gadhah ancas inggih menika mangertosi *aspek-aspek kejiwaan* ingkang dados wosing gati salebeting *karya sastra* (Ratna, 2004: 342). Kejawi menika *pendekatan psikologi sastra* inggih menika *pendekatan* ingkang ndadosaken *karya sastra* minangka *aktifitas kejiwaan*. Miturut Wellek

Warren (1995: 90), tetembungan *psikologi sastra* gadhah sekawan pangertosan, inggih menika (1) *studi psikologi* panganggit minangka tipe utawi pribadi, (2) *studi proses kreatif*, (3) *studi tipe saha* (4) *pakem psikologi* ingkang saged dipuntrepaken dhateng *karya sastra*, (4) nyinaoni *dampak sastra* dhateng pamaos utawi pamriksa.

CARA PANALITEN

Panaliten ingkang dipunginakaken salebeting *Konflik Batos Salebeting Pagelaran Wayang "Sejatine Drupadi"* Ki Manteb Soedarsono inggih menika *metode deskriptif*. Panaliten menika ngandharaken prastawa *konflik batos* ing Pagelaran Wayang Lampahan *Sejatine Drupadi* anggitanipun Ki Manteb Soedharsono.

Panaliten menika kalebet panaliten *kualitatif*, amargi *data* ingkang dipunpendhet menika awujud tembung-tembung ingkang ngasilaken *data* wujudipun *deskriptif*. Panaliten menika ngginakaken *Pendekatan Sosiologi Sastra*.

Data wonten panaliten menika sedaya *fakta* ingkang nedahaken wujud *konflik batos*, saha cara anggenipun paraga mungkasi *konflik batos* wonten salebeting pagelaran menika.

Sumber data ing panaliten menika Pagelaran Wayang Lampahan *Sejatine Drupadi* anggitan Ki Manteb Soedarsono, inggih menika awujud *naskah transkripsi* saking *video audio visual* ingkang sampun dipun-*unduh* dening panyerat ingkang kaperang dados enem *video* kanthi *durasi* kirang langkung 7 jam ingkang

kapendhet saking situs www.youtube.com kanthi pengunggah Cah Gununggandul ingkang dipunbiwaraaken 27 Februari 2013.

Panaliten menika ngginaaken piranti awujud *tabel analisis data*. *Tabel* menika nggampilaken kangge merang asiling *transkripsi*. Pirantos wonten ing panaliten menika awujud *kartu data*. *Kartu data* menika wujudipun *tabel* kangge nyerat *data* ingkang dipunbetahaken bab wujudipun *konflik batos*, saha cara mungkasi *konflik batos* wonten salebeting Pagelaran Wayang Lampahan *Sejatine Drupadi* anggitan Ki Manteb Soedarsono.

Caranipun ngesahaken *data* menika kanthi cara *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantis*. *Validitas semantis* inggih menika ngukur *tingkat kesensitifan* makna *simbolik* ingkang gayut kaliyan *konteks karya sastra* ing panaliten menika ingkang awujud pawicantenan *naskah transkripsi*.

Reliabilitas ingkang dipun ginakaken menika *reliabilitas intrarater*. Cara menika dipuntindakaken mawi maos *naskah transkripsi* kanthi makaping-kaping, lajeng dipunserat supados pikantuk *data* ingkang ajeg saha mangertosi jangkeping cariyos. Cara anggenipun ngginakaken *reabilitas intrarater* menika dipuntindakaken kanthi cara dipunrembag piyambak kanthi *tinjauan pustaka* lajeng dipun jumbuhaken ingkang sami gayut kalian *karya sastra* ngengingi *konflik batos*.

Caranipun *analisis data* ing panaliten menika ngginakaken *teknik analisis psikologi sastra*. Miturut pamanggihipun Proust (ing Endraswara, 2011; 70), *teknik analisis sosiologi sastra* menika dipunsajikaken mawi *deskriptif-interpretatif*. Cara menika dipunginakaken mawi *data-data* ingkang awujud *data verbal* ingkang gadhah sipat *interpretatif* lajeng dipunandharaken kanthi *deskriptif*.

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

a. Ringkesaning Cariyos

Dipuncariyosaken wonten negari Pancala ngawontenaken sayembara ingkang dipungelar Raden Gandamana kagem jatukramanipun Dewi Drupadi. Kathah raja satriya ing mupu kalebet Kurawa wusananing Kurawa mundur lan sedaya kawon mengsah Raden Gandamana, pramila ndadosaken sungkawaning manah Prabu Drupada menawi Dewi Drupadi menawi tebih jatukramanipun, lajeng wonten tamu ingkang sowan inggih menika Resi Dumya, Resi Kangka, Resi Bilawa, saha Resi Suparta ingkang sejatosipun satriya Pandhawa inggih menika Puntadewa, Werkudara, lan Arjuna, amargi namung pendita alas boten gadhah papan Resi Dumya sak anakipun dipuntundhung saking pagelaran negari Pancala, rumaos luput Raden Gandamana nututi lan mangertos sejatinipun brahmana tetiga inggih menika para Pandawa, Raden Bratasena mengsah Raden Gandamana lajeg pejah, wusananipun Dewi Drupadi dados

jatukramanipun Puntadewa.

Prabu Duryudana ngawontenaken kesukan kagem mangayubagya anggenipun Prabu Puntadewa jumeneng wonten Kraton Indraprastha kanthi sami kesukan dadu amargi rumaos meri saha wirang nalika Pandhawa ngawontenaken Sesaji Raja Suya, sakdangunipun dhadhu Prabu Puntadewa titis anggenipun mbatang lajeng Patih Sengkuni tumindak culika kanthi dhadhu dipun senggol satemah pandhawa kalah nalika ngetohaken Negari Indraprastha sakisinipun kalebet Dewi Drupadi satemah Dewi Drupadi dipunwirang-wirangaken dening Raden Dursasana kawiwitan. Saking dipunudhari gelungipun Dewi Drupadi lajeng semekanipun dipunluwari lan Dewi Drupadi prasapa bilih boten badhe keramas menawi dereng ngagem gethipun Raden Dursasana, kejawi kicalan negari Indraprastha, Pandhawa kedah nglampahi dibuang wonten alas 12 tahun lajeng ndelik wonten negari setunggal tahun laminipun, nalika nindaaken sesingidan para Pandawa memba wonten negari Wiratha Puntadewa dado lurah pasrah, Werkudara dados Tukang Jagal, Janaka dados guru beksa, Nakula dados among tani, Sadewa dados among kewan, saha Drupadi dados emban, saksampunipun nindaaken sesingidan dipuncariyosaken Perang Baratayuda Jayabinangun Dursasana mengsah Raden Werkudara, Raden Dursasana gugur dening Raden Werkudara lan Dewi Drupadi saged ngluwari menapa ingkang dados punagi utawi sumpah nalika Pandhawa kalah dhadu.

b. Pirembagan

Adhedhasar underaning prekawis saha ancasing panaliten, asiling panaliten *konflik* batos salebeting pagelaran wayang kulit lampahan *Sejatine Drupadi* Ki Manteb Soedarsono wonten tigang prakawis, inggih menika: (1) mahyakaken *wujud konflik* batos salebeting Pagelaran Wayang Kulit Lampahan *Sejatine Drupadi*, (2) mahyakaken cara ngrampungaken *konflik* batos wonten pagelaran wayang *Sejatine Drupadi*.

a. Pirembagan Wujud Konflik

Konflik ing pagelaran wayang lampahan *Sejatine Drupadi* Ki Manteb Soedarsono menika wonten kalih wujud konflik batos inggih menika “*pertentangan*” wonten piyambakipun ingkang boten trep kaliyan pikajengan saha raos boten nampi saha raos mangu anggenipun ngadhapi masalah. *Wujud-wujud konflik* menika dipunandharaken wonten ngandhap menika.

b. Dredah wonten Batos ingkang Boten Trep kaliyan Pikajengan Paraga

Dredah wonten piyambakipun ingkang boten trep kaliyan pikajengipun paraga, inggih menika raos ingkang dipunraosaken wonten manah kados dene raos kuciwa dhateng kawontenan utawi lelampahan ingkang boten trep kaliyan pangangkah utawi ancas paraga wonten ing pagelaran wayang kulit lampahan *Sejatine Drupadi*, tuladhanipun wonten ngndhap menika.

“...kowe menang aku yo susah, kowe kalah aku yo sedhih, sebab, yen ta si

adhi menang tegese Drupadi bakal dadi prawan tuwek,...” (Naskah Transkripsi: 3)

“...*cilik lara gedhe tumekeng pati pun kakang yo kelangan sedulur yo kelangan senapati,..*” (Naskah Transkripsi: 3)

Kutipan wonten inggil menika pawicantenipun Prabu Drupada dhateng Raden Gandamana ingkang nedahaken raos pangudarasa amargi anggenipun ndamel sayembara dereng wonten ingkang saged ngasoraken yudhanipun Raden Gandamana. Pramila, menika kalebet *konflik ego* kaliyan *super ego* amargi dipuntindakaken kanthi *sadar* saha nggatosaken *etika* dhateng sedherekipuk, ndadosaken raos ajrih Prabu Drupada menawi putranipun inggih Dewi Drupadi dados prawan kasep lan sedhih menawi kecalan sedherek saha senapati menawi Raden Gandamana ngantos kawon utawi gugur.

“...*kakang iki selak kepingin, ingsun iki enggal kagungan putra mantu, tegese amiwaha putraku si Drupadi. Kaping pindhone ingsun kepingin selak ngudang putu...*” (Naskah Transkripsi: 3)

Kutipan wonten inggil menika ugi pawicantenan antawisipun Prabu Drupada dhateng Raden Gandamana ingkang nedahaken raos pangangkah saged misudha manten putranipun ateges kagungan mantu, saha

ngersakaken ngudang putu, nanging wonten kasunyatanipun Dewi Drupadi dereng pinanggih jatukramanipun saking sayembara ingkang dipungelar Raden Gandamana. Pratelan menika nedahaken *ego*-nipun Prabu Drupada saha ngormati dhateng rayinipun Raden Gandamana minangka patih saha sedherekipun salajengipun dados *super ego*.

c. Raos Mangu anggenipun Ngadhepi Perkawis

Wonten pirembagan menika badhe kawahyakaken wujudipun “raos mangu” anggenipun ngadhepi perkawis dening paraga ingkang ngadhepi kados dene raos bingung anggenipun ngadhepi, kados wonten ngandhap menika.

“anakku ngger Kangka, Bilawa, lan Suparta, sing sabar yo ngger sing sabar, nadyan ta kowe disya-siya klawan sinuhun ratu Pancala sing kuwat rasaning atimu”

Pawicantenan menika dipunaturaken dening paraga Resi Dumya dhateng putranipun Resi Kangka, Resi Bilawa kaliyan Resi Suparta sasampunipun dipuntundhung kesah saking Kraton Negari Pancala nalika nglamar Dewi Drupadi, saengga wonten sanjawining kraton Resi Dumya paring pangayem-ayem dhumateng putranipun tetiga supados sareh, saha kiyat anggenipun nampi lelampahan menika. Tumindak menika kalebet konflik *ego* kaliyan *Super ego* Resi Dumya amargi sampun katundung kesah saking Negari Pancala.

“prayogi mangga ngger jumeneng sawetawis boten susah mriksani lelampahan menika, boten mentala manah kula ngger”

Salajengipun inggih menika pawicantenanipun Resi Durna kaliyan Prabu Duryudana nalika nyuwun pamanggih dhateng piyambakipun bab ngawontenaken kesukan dhadhu kaliyan para Pandhawa, Resi Durna sampun mangertosi lelampahan ingkang badhe dumados pramila atinipun boten mentala menapa malih taksih wonten panyengkuyungipun Patih Sengkuni. Resi Durna trimah medal pasilan saking pasewakan boten badhe mangertosi lelampahan menika, kanthi bukti tembung “*jumeneng*” ingkang gadhah teges ngadeg utawi nilar saking pasewakan negari Astina, menika kalebet *id* kaliyan *super ego* ingkang trimah mundur timbang boten mentala manahipun.

c. Cara Mungkasi Konflik Paraga

Cara mungkasi paraga salebeting pagelaran menika kaliyan panyerat kagayutaken kaliyan *teori* saking Freud lajeng dipundudut cara mungkasi ingkang pas saha trep salebeting pagelaran Ringgit Wacucal lampahan “*Sejatine Drupadi*” Ki Manteb Soedarsono kadosta wonten ngandhap menika.

a. Paring Pepenget utawi Pangandikan antawisipun Paraga

Wonten trapan konflik cara mungkasi inggih menika kalebet tarapan pascakonflik inggih menika kados pundi anggenipun paraga

mungkasi ugi kadospundi cara anggenipun mungkasi, ingkang sepisan inggih menika paring pepenget utawi pangandikan ugi kalebet mekanisme pertahanan ego kanthi Sublimasi (Freud salebeting Minderop 2010:33) kadosta ingkang katindakaken Prabu Drupada nalika mangertosi bilih rayinipun saha patih negari Pancala damel sayembara kagem jatukramanipun putra Prabu Drupada inggih Dewi Drupadi katitik saking pangandikanipun Prabu Drupada ingkang kados bingung saha susah wonten penggalhipun.

“Sing bisa ngasorake mung suwargi gurumu sinuwun prabu Pandhudewanata, mangka panjenengane wis seda. Yen si adhi kasoran cilik lara gedhe tumekeng pati pun kakang yo kelangan sedulur yo kelangan senapati, ...”

Saking pawicantenan menika Prabu Drupada mangertosi bilih sejatosipun Raden Gandamana menika satriya sekti unggul ing jurit pramila boten wonten ingkang saged ngasoraken yudhanipun kejawi gurunipun Raden Gandamana inggih Prabu Pandhu Dewanata ramanipun Pandhawa, kados sampun mangertosi menawi Raden Gandamana ngantos dumugi seda Prabu Drupada tamtu badhe rumaos kecalan rayi ugi senapati negari Pancala. Prabu Drupada ugi mratelakaken dhateng Raden Gandamana bilih piyambakipun kepingin sanget misudha jatukrama putranipun Dewi Drupadi saha kepingin ngudang ingkang wayah,

“kakang iki selak kepingin, inggun iki enggal kagungan putra mantu, tegese amiwaha putraku si Drupadi. Kaping pindhone inggun kepingin selak ngudang putu, (Tabel No. 41)”

b. Duka lajeng tumindak boten sakmesthipun

Cara pertahanan ego menika miturut Freud kalebet *regresi* inggih menika raos paraga ingkang duka lajeng tumindak boten sakmesthipun kadosta tiyang utawi bocah ingkang dereng nalar langkung tumindak ingkang sipatipun *fisik*.

Nalika Resi Dumya sowan dhateng Negari Pancala kadherekaken Resi Kangka, Resi Bilawa, saha Resi Suparta ingkang badhe nglamar dhateng Dewi Drupadi kanthi beкта angsul-angsul saking pradesan, tumindak kados mekaten ndadosaken penggalhipun Prabu Drupada duka amargi rumaos dipunsepelekaken ingatasipun Dewi Drupadi putranipun Narendra badhe dipun wengku garwa Brahmana ingkang gesangipun wonten wana pramila dados dukanipun Prabu Drupada lejang nundhung kesah brahmana Resi Dumya miwah tetiga putranipun.

“Anggep apa kowe arep wani ngaturake pisungsung mung wujud pala kependhem lan woh-wohan opo drajate Prabu Drupada kuwi sakgebiri woh-wohan ngeneki?iyaa?? pendhita kurang tata gerak ra urus ora tak tanpa kepengenanmu. Ayo kudu bali!

*Bali! Iki kudu mbok gawa bali!
Ngreget-ngregeti kraton, nyaa!!
Tampanana!! Bali!!*" (No Data 42)

c. Raos Pasrah

Raos menika miturut *teori* freud kalebet *mekanisme pertahanan ego apatis* inggih menika paraga ingkang langkung ngalah saking kawontenan kanthi pasrah wonten ngarsanipun Gusti Inggang Maha Kuwaos utawi pasrah dhateng kawontenan ingkang nembe lumampah.

Inggang sepisan menika nalikanipun Resi Dumya saputranipun inggih Resi Kangka, Resi Bilawa, saha Resi Suparta katundhung saking negari Pancala lajeng Resi Dumya paring pangandikan dhateng Kangka minangka pangayem-ayem supados mboten nglokro, ananging Resi Kangka rumaos maturnuwun dhateng Resi Dumya ingkang sampun paring pepenget lajeng piyambakipun matur bilih menika pacoban saking Gusti ugi saged minangka sarana mawas dhiri saha dereng wancinipun pikantuk jatukrama.

"inggih sang Resi, boten dados punapa, kula tampi kanthi bingahing manah dene panjenenganipun sampun paring pepenget dhumateng kula lajeng kula saged mawas dhiri, menawi estunipun dereng wancinipun umpami kula menika badhe mengku garwa sedrajat dewi Drupadi" (No Data 44)

d. Kanthi Cara Paprangan

Cara paprangan inggih menika ngedu okol antawisipun paraga satunggal kaliyan

sanesipun minangka cara mungkasi *konflik* batos, menawi miturt Freud salabeting *Teori Pertahan ego* kanthi cara paprangan inggih menika kalebet *pertahanan agresi* saha saged kalebet *proyeksi*, kadosta tuladhanipun wonten Pagelaran Ringgit Wacucal Lmpahan "Sejatine Drupadi" Ki Mantheb Soedarsono.

Inggang sepisan nalika Raden Gandamana mengsah Raden Bratasena nalika mupu sayembara Dewi Drupadi, Raden Gandamana ingkang sejatosipun ngeman dhateng Bratasena satemah duka amargi sipatipun Raden Bratasena ingkang wangkal, atos, boten saged dieman pramila Raden Gandamana matheg aji-ajinipun inggih menika Aji Wungkal Bener saha Aji Bandung Bandawasa satemah damel Raden Bratasena keseser yudanipun lajeng sambat pasrah dhateng kawontenan,

"Pancen ora kenadieman, menungsa iki Bratasena wong kok wangkal atos atimu, sejatine tresnanku ki gedhe karo kowe Bratasena! Gedhe pangemanku! Lha kok malah kowe njarak prekara, nganti ilang trapsilamu, ingatase kowe ki putra ratu ndayan kowe ora basa, ora nyembah, nanging mesthine kowe ki ora ninggal marang kautaman! Kowe ndupak piringanku! Nganti aku kantaka kuwi tegese nglanggar dhuwuring tenggak! Bratasena kowe tak duduhke ajining wong tuwa, tak gebrak aiku wungkal bener bandung

bandawasa dadi apa kowe!" (No Data 46)

e. Nilar dhateng Prekawis

Nilar dhateng prekawis inggih menika paraga salebeting cariyos ingkang manggihi *konflik* trimah nilar prekawis boten mangertosi kawontenan cara menika miturut Freud kalebet cara mungkasi kanthi *represi* ugi saged kalebet kanthi cara *apatis* ingkang sepisan inggih menika, nalika Bilawa kaliyan Salindri mangertosi ingkang sedherek sampun dhawah kantaka kenging kecohon Prabu Matswapati ingkang nembe duka. Salajengipun Bilawa ngandika ngudarasa ingkang suraosipun sampun keladuk Pandhawa anggenipun nampi lelmapahan menika saha Bilawa sampun boten kuwawa mirsani ingkang sedherek tatu pramila wonten pagelaran dipuncariyosaken Bilawa lajeng nggedhong Kangka kaliyan Salindri medal saking ngarsanipun Prabu Matswapati.

"hmmm,,, kebangeten banget bapa Pandhu mesakna anak-anakmu, lelakone anak-anakmu kaya mangkene, munggha gugat marang dewa dene lelakone Pandhawa, bapa pandhu anakmu wis ora kuwat, bapak Pandhu anakmu njaluk pangayoman"(Naskah Transkripsi : 38)

Taksih saking Paraga Werkudara nalika dumadinipun Perang Baratayuda Jayabinangun piyambakipun kecalan ingkang putra Raden Gathutkaca gugur mengsah Adipati Karna, putra ingkang dipun gadhang-gadhang dening Raden

Werkudara pramila mangertosi ingkang putra gugur satemah piyambakipun ngengleng utawi bingung kadosta tiyang bingung banget anggenipun menggali ingkang putra, dumugi mengsah Raden Dursasana piyambakipun ugi taksih ngengleng satemah lajeng kawon mengsah Raden Dursasana.

Kresna : "pun kakang ora maido yen sira kelangan anak, patine si Gathutkaca sing mateni prabu Karna, ana ceritane nabi sing mateni anakae dhewe merga didhawuhi Gusti Pangeran nadyan abote kaya ngapa," (Naskah Transkripsi : 41)

Togog : "Werkudara niku nembe ngenleng mungale, sabab bar kelangan putrane si gathutkaca kala wingi dalu wonten palagan ingkang nyirnakaken ingkang raka Ngawangga, jane Adipati Karna getun wong tujuane dudu niku" (Naskah Transkripsi : 41)

"Semar : eee.. kok le banget nadang susah, ee entuk entukane nggih kaya menika, lae laeee ndara,, jenegna kenging menapa" (Naskah Transkripsi : 42)

f. Ngendika Dora

Inggih menika *mekanisme pertahanan ego* ingkang kalebet *pengalihan* utawi *displacement* miturut Freud, inggih menika paring *pengalihan* ingkang boten samesthinipun dipundadosaken sarana ingkang pas saha trep, wonten pagelaran menika dipuntindakaken

dening Salindri ingkang nembe dipunbujung-
bujung dening kembar Raden Rupakinca miwah
Kincakarupa, amargi Salindri boten purun
nyarujuki pepinthanipun satriya kekalih satemah
damel rekadaya matur dora kanthi ngandaraken
bilih piyambakipun sampun gadhah pacangan
ingkang awujud gandarwa, kersanipun wonten
penggalih Salindri ingkang badhe
dipundadosaken gandarwa inggih rayinipun
piyambak inggih menika Bilawa ingkang saged
ngayomi saha njagi dhateng Salindri.

“nyuwun pangapunten Raden kula
samkupun gadhah pacangan, pacanagan
kula gandarwa ingkang nengga beteng
pojok beteng Wiratha” (Naskah
Transkripsi : 34)

“karang yo bingung nggonku ngreka
daya supayane kembar ora kepethuk
klawan kowe ta Bilawa, mengko bengi
neng kono yen ora ana sing ngayomi
aku mesti ajur mumur diperwasa
Kincaka, ewangana aku kowe dadi
gandarwa” (Naskah Transkripsi : 35)

Wonten pawicantenan menika Salindri
ugi matur bilih anggenipun ngendika dora
menika sampun bingung supados Bilawa boten
kadenangan dening satriya kembar kalawau
margi sampun nyedani Raden Rajamala.
Wusananipun, Bilawa nyarujuki
pangandikanipun Salindri lajeng nalika kembar
Kincakarupa miwah Rupakinca kepanggih
wonten Beteng Wiratha satriya kekalih dipun
adu kumba dumugi seda.

DUDUTAN

1. Wujud *konflik* batos paraga ingkang wonten
salebeting pagelaran ringgit menika ingkang
sampun kaperang dados kalih, adhedasar
teori saking Sigmund Freud ingkang arupi
struktur kapribaden inggih menika *id*, *ego*,
saha *super ego* saha kanthi wujud *konflik*
ingkang adhedasar teori Freud inggih
menika *konflik mendeket* dhateng *mendekat*,
mengindar dhateng *menghindar*, saha
pendekatan dhateng *menghidar*. Kaliyan
panyerat dipunperang dados kalih,
antawisipun: 1) Dredah wonten batos
ingkang mboten trep kaliyan
pikajenganipun paraga, saha 2) Raos mangu
wonten batos anggenipun ngadhepi
masalah. Paraga ingkang sami ngadhepi
perkawis *konflik* batos kadosta dredah
wonten batosipun piyambak ingkang boten
trep kaliyan pikajengipun wonten
penggalhipun paraga saha raos mangu
salebeting ngadhepi prekawis ingkang
ndadosaken *konflik* batos.
2. Para paraga ingkang manggihi *konflik* batos
anggenipun mungkasi *konflik* batos
salebeting Ringgit Wacucal Lampahan
“*Sejatine Drupadi*” Ki Manteb Soedarsono
ingkang adhedasar *teori* saking *Freud*,
mekanisme Pertahanan ego ing antawisipun
Represi, *Sublimasi*, *Proyeksi*, *Pengalihan*,
Rasionalitas, *Reaksi Formasi*, *Regresi*,
agresi apatis, saha pungkasan *Fantasi* saha
Stereotype, ananging panyerat nindakaken

kategorisasi cara mungkasi *konflik* batos ingkang dipundhasari saking pagelaran saha *naskah transkripsi* ing antawisipun paring pepenget saha pangandikan antwisipun paraga setunggal kaliyan sanesipun, saha duka lajeng nindakaken tumindak ingkang boten samesthinipun, raos pasrah, cara paprangan, nilar dhateng prekawis saha matur dora.

PAMRAYOGI

Pagelaran ringgit wacucal lampahan “*Sejatine Drupadi*” inggih menika kalebet lakon banjaran ingkang dipun *upload* wonten www.youtube.com dening Cah Gununggandul ingkang dipunbabaraken 27 Februari 2013. Ki Manteb Soedarsono minangka dhalang ingkang sampun mumpuni saha pana salebeting sanggit pagelaran, saged mahyakaken lampahan menika kanthi runtut ketingal saking anggenipun ngringgit ingkang *full story* boten migunakaken limbukan saha gara-gara, pranyata menika mujudaken pagelaran ingkang boten namung suka pari suka nanging dhasar mahyakaken cariyos Dewi Drupadi kanthi runtut saking anggenipun Sayembara Drupadi dumugi Dursasana Gugur. Kejawi menika salebeting nggelar ringgit sedalu menika Ki Manteb Soedarsono ugi mratelakaken *kritik sosial* dhateng pamarintah saha *konflik-konflik* padintenan wonten pagesangan. Kathah cariyos lampahan sanggitan Ki Manteb Soedarsono ingkang sampun kagelar kanthi cara *langsung* utawi *streaming* wonten *situs internet* kanthi

cara menika para sutresna ringgit wacucal boten namung pados suka pari sukanipun nanging ugi kedah mangertosi cariyos ingkang dipungelar lumantar cariyos wayang sanggitan Ki Manteb Soedarsono.

KAPUSTAKAN

- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Minderop, Albertine, 2010. *Psikologi Sastra : Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Poespaningrat, R Pranoedjoe. 2008. *Nonton Wayang dari berbagai Pakeliran*. Yogyakarta: PT Kedaulatan Rakyat.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Stilistika “Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya”*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Soetarno. 1995. *Wayang Kulit Jawa*. Sukoharjo: CV. Cendrawasih.

Soetrisna. 2004. *Wayang Sebagai Ungkapan Filsafat Jawa*. Yogyakarta: Adita Pressindoesti.

Solichin. 2011. *Falsafah Wayang*. Jakarta: Penerbit SENAWANGI.

Teeuw, A. 1976. *Membaca dan Menilai Sastra*. Jakarta: Gramedia.

Wellek, Rene, dan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.